

Sekirite Fanmi Kaye Aktivite







pou timoun ki gen ant 5 ak 8 lane



**SAFE
K:DS**
WORLDWIDE®

Sekirite nan Kay

Ansèkle bagay ki san danje pou timoun yo.
Fè yon X sou bagay ki danjere pou timoun yo.



Sekirite pou Jwe: Ranpli Espas ki Vid la

Itilize lis mo a pou w ka ranpli espas ki vid yo pou w aprann fason pou jwe an tout sekirite.

1. Tann yon _____ anvan w jwe nan dlo oswa toupre dlo.
2. Aprann fason pou _____ anvan w ale nan pisin nan oswa plaj la.
3. Mete yon _____ lè w sou bisiklèt, paten, esketbòd ak eskoutè.
4. Li danjere pou w jwe dèyè _____.
5. Kanpe, gade _____, epi agoch ankò anvan w travèse lari a.
6. _____ nan chak trajè, chak fwa.

machin

naje

granmoun

mete senti sekirite

kas


agoch, adwat



Sekirite Lè Gen Ensandi: Fason pou Fè yon Plan Evakyasyon


1. Nan pwochen paj la, fè yon plan evakyasyon ensandi ki montre de (2) sòti pou chak chanm.
2. Mete etikèt sou pòt yo, fenèt yo ak detektè lafimen yo. Fè granmoun yo sonje pou yo teste detektè lafimen yo chak mwa pou yo asire yo ap fonksyone.
3. Chwazi yon kote ki san danje epi ki lwen lakay ou an pou fanmi w rankontre.
4. Itilize plan evakyasyon ensandi w la pou w pratike yon egzèsis evakyasyon lakay ou avèk fanmi w, yon fwa pandan jounen an epi yon fwa nan nuit.
5. Bat pou tout moun gentan soti nan kay la nan mwens pase 2 minit.

Egzanp:




Idantifye Diferans yo: Kisa Ki San Danje?

Ansèkle 6 bagay ki san danje.




Labirent pou Rive Lekòl San Danje

Èske ou kapab jwenn chemen w nan labirent lan pou w rive lekòl la san danje?



Mete senti sekirite nan chak trajè, chak fwa.



Rechèch Mo

Ansèkle mo ou jwenn nan lis la anba a. Mo yo ka parèt an orizantal, vètikal, dyagonal epi yo ka ekri yo alandwat oswa alanvè.


BISIKLÈT
PASAJ PYETON
FANMI
EGZÈSIS EVAKYASYON
KAS

TIMOUN
JILÈ SOVTAJ
PYETON
PISIN
SEKIRITE

ESKOUTÈ
SENTI SEKIRITE
DETEKTÈ LAFIMEN
NATASYON
JWÈT

D	E	T	E	K	T	È	L	A	F	I	M	E	N
E	E	R	I	M	N	A	F	H	I	O	W	S	Y
G	S	D	È	T	U	O	K	S	E	E	E	E	T
Z	J	P	Y	E	T	O	N	R	I	A	N	N	M
È	R	J	I	L	È	S	O	V	T	A	J	T	L
S	T	È	W	J	E	S	S	R	A	T	H	I	A
I	H	I	S	N	I	S	I	P	N	A	L	S	T
S	N	O	Y	S	A	T	A	N	E	A	L	E	K
E	E	T	I	R	I	K	E	S	E	D	Y	K	E
V	S	B	I	S	I	K	L	È	T	L	O	I	T
A	I	L	I	R	E	D	R	I	L	L	R	R	B
K	G	G	M	O	S	G	D	T	S	A	K	I	H
Y	N	O	T	E	Y	P	J	A	S	A	P	T	R
A	R	A	L	A	E	K	O	M	S	E	S	E	E
S	H	A	T	T	I	M	O	U	N	W	Z	K	P
Y	G	K	W	N	G	P	G	L	Q	R	O	D	Q
O	A	P	L	C	D	E	F	G	H	I	J	K	L
N	Q	A	D	H	V	K	L	M	N	O	P	R	T


Repons yo



4

1. Tann yon **granmoun** anvan w jwe nan dlo oswa toupre dlo.
2. Aprann fason pou **naje** anvan w ale nan pisin nan oswa plaj la.
3. Mete yon **kas** lè w sou bisiklèt, paten, esketbòd ak eskoutè.
4. Li danjere pou w jwe dèyè **machin**.
5. Kanpe, gade **agoch, adwat**, epi agoch ankò anvan w travèse lari a.
6. **Mete senti sekirite** nan chak trajè, chak fwa.

5



6

SAN DANJE:

Timoun yo ap jwe nan lakou a, lwen machin yo.


Yon timoun ap jwe nan pisin nan pandan yon granmoun ap voye je sou li.

Timoun yo ap kouri eskoutè ak esketbòd yo sou twotwa a.

Timoun yo ak granmoun yo mete senti sekirite pandan yo nan yon machin.

Adolesan yo ap tann sou pasaj pyeton an epi yo ap gade adwat, agoch anvan yo travèse lari a.

Adolesan yo mete kas lè yo ap monte bisiklèt.



7

DANJERE:

Timoun yo ap jwe dèyè yon machin ki pakin.


Yon timoun ap jwe nan pisin nan poukont li pandan granmoun nan ap gade nan telefòn li.

Yon timoun sou esketbòd li nan lari a.


Timoun yo pa mete senti sekirite pandan yo nan yon machin.

Yon adolesan distrè epi je li nan telefòn li pandan l ap travèse lari a.

Yon adolesan pa mete kas pandan l ap monte bisiklèt.



8



10

Pou Fanmi yo

Enfòmasyon pou Pran Kontak lè gen ljan

Lapolis, Ponpye oswa Anbilans: **9-1-1**

Nimewo Èd pou Moun ki Pran nan Pwazon: **1-800-222-1222**

Doktè: _____

Manm Fanmi: _____

Manm Fanmi: _____

Zanmi/Vwazen: _____

Resous ki Itil

Safe Kids Worldwide

Pou w jwenn konsèy sou fason pou w pwoteje timoun yo epi pou w jwenn yon kowalisyon lokal ki toupre w, ale sou **www.safekids.org**.

Dènye Gid Safe Kids sou Syèj Machin pou Timoun

Ale sou **www.safekids.org/guide** pou w jwenn konsèy ak videyo sou fason pou w enstale syèj machin pou timoun ak syèj ki ka wose yo.

Suivi Lwa Safe Kids

Pou w jwenn lwa sou sekirite ak pwoteksyon timoun, ale sou **www.safekids.org/state-law-tracker**.

Lakwa Wouj Amerikèn

Pou w enskri nan kou sou premye swen, resisitasyon kè ak poumon, natasyon oswa sekirite nan dlo, ale sou **www.redcross.org/take-a-class**.

Sekirite Medikaman San Preskripsyon yo

Ale sou **www.ymiclassroom.com/lesson-plans/otcmedsafety** pou w jwenn resous sou fason pou anseye timoun ki pi gran yo sekirite medikaman.